*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№53 (26505)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 28 мартъи – тæргæйтты мæйы 28 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:
2 ПРОФЕССИОН АХУЫРАД *Ног дæсныйæдтæ*
3 ТЕМАТИКОН ФАРС *Æнцойбон*
4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ *Ерыстæ футболæй*

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

**Æхсызгон фембæлд**

## Зæрдиаг салам – республикæйы кадджын уазæгæн




**Ацы бонты Цæгат Ирыстоны балцы ис зындгонд мексикæйаг боксер, дунейы бирæхаттон чемпион Эрик МОРАЛЕС. Республикæйы уазæгимæ фембæлд РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО.**

Регионы Сæргълæууæг Мексикæйы минæварæн зæрдиаг салам загъта æмæ фæбæрæг кодта, Эрикы ном спортуарзджытæн хорз зындгонд кæй у, уый.

– Уæлдай æхсызгон мын у, дунеон боксы "стъалы" абон Ирыстоны уазæг кæй у, уый. Республикæйы цæрджытæм кадджын у спорты ацы хуыз, ис нæм спортивон хъæбысхæстыты хъомысджын скъолатæ, æппæт фадæттæй архайæм, цæмæй фылдæр фæсивæд æмхиц кæной спортмæ. Ме 'рыгон бонты мæхæдæг дæр боксæй хæцыдтæн, уыдтæн Æфсæддон-денджызон флоты иугонд командæйы уæнг. Республикæйы уазæгæн мæ зæрдæ зæгъы, цæмæй зæрдæрухсæй арвита йæ рæстæг, – загъта Сергей Меняйло.

Эрик Моралес фысымтæн арфæ ракодта, кæй йæ сбуц кодтой, уый тыххæй. Уыимæ, спортсмен дунейы чемпионаты цы рон рамбылдта, уый халдих балæвар кодта Сергей Меняйлойæн.

Фембæлды архайæг уыдысты Цæгат Ирыстоны физикон культурæ æмæ спорты министр **Фрайты Сослан**, промоутерон компани "Pravda Boxing"-ы бындурæвæрæг **Цопанты Хетæг** æмæ æндæр бæрнон кусджытæ.

Эрик Моралесы Дзæуджыхъæумæ фæхуыдта промоутерон компани "Pravda Boxing". Уый хъæппæрисæй 29 мартъийы нæ республикæйы уыдзæн профессион боксы турнир. Уыцы ерысты кадджын уазæг суыдзæн Моралес.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Цæгат Кавказ**

## Æдасдзинад æмæ барадон фæткы фарстатæ

**Цæгат Кавказы федералон зылды Уæрæсейы Президенты Æххæстбарджын минæвар Юрий ЧАЙКÆЙЫ разамындæй уыд Æдасдзинад æмæ барадон фæтк хъахъхъæныны, коррупцийы ныхмæ архайды фарстаты фæдыл координацион æмбырд.**

Цæгат Ирыстонæй фембæлды архайæг уыд республикæйы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**.

Ныхасы архайджытæ æрдзырдтой, тыхы структурæтæ æмæ барадхъахъхъæнæг оргæнтæ уæлдæрамынд фарстаты фæдыл цы профилактикон куыст кæнынц, ууыл. Сæрмагонд æргом аздæхтæуыд рæзгæ фæлтæры эстремистон æмæ террористон идеологийæ, кæстæрты знаггадхæссæг тыхты тæвагæй бахъахъхъæнынмæ.



Æппæт уыцы фарстатыл дзургæйæ, Президенты минæвар куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй дарддæр æххæстгонд цæуы сæрмагонд æфсæддон операци. Ахæм уавæрты Уæрæсейы ныхмæ архайæг тыхтæ æппæт фадæттæй дæр тырнынц æнахъомты диверсион-террористон фæзындтытыл бафтауыныл, алыхуызон ардауæн æмæ сайæн митæй сын сæ сæрымагъз сызгъуыммæ кæнынц. Уыцы фæлтæрæнтæн аккаг ныхкъуырд дæттыны нысанимæ барадхъахъхъæнæг æмæ тыхы æппæт структурæтæ дæр хъуамæ архайой иумæйаг хъарутæй, сæвзæргæ уавæрмæ бæстон цæстдард куыд уа.

Боны фæткы фарстаты фæдыл дзуаппон докладратта æххæстгæнæг хицаудзинад æмæ барадхъахъхъæнæг оргæнты минæвæрттæн.

Уый тыххæй фехъусын кодта Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ.

**Нæ уацхæссæг**

**Цæстдарды мадзæлттæ**

## Цæрæнуæтты бындурон цалцæг

**Цæгат Ирыстоны Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады, артаг æмæ энергетикæйы министрады паддзахадон цæрæнуатон цæстдарды управленийы специалистты 'рдыгæй бæстон цæстдард ис регионалон оператор æмæ подрядон организацитыархайдмæ.**

Уый тыххæй журналисттæн фехъусын кодтой амынд республикон ведомствæйы пресс-службæйы.

Министрады минæвар куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй регионалон оператор – РЦИ-Аланийы Бирæфатерон цæрæн хæдзæртты бындурон цалцæджы фонд æмæ подрядон организацитæ кусынц сæрмагонд пъланты бындурыл. Уыдоны архайдмæ иудадзыг сæ цæст дарынц профилон ведомствæйы минæвæрттæ. Уыдон бæрæг кæнынц куыстыты графиктæ æмæ цалцæггæнæн æрмæджыты æргътæ, цæрæнуæтты хицæуттæ цас разы сты подрядчикты архайдæй, сæ фæндæттæ куыд хыгъд цæуынц æмæ æндæр ахæм фæзилæнтæ. Уыимæ, къуыхцытæ кæнæ æгъдаухæлдтытæ куы рабæрæг уа, уæд цæрæнуатон цæстдарды управленийы специалисттæм ис подрядчикты административон æгъдауæй бафхæрыны бартæ.



Регионалон операторы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, 2026 азы бирæфатерон цæрæн хæдзæртты бындурон цалцæджы пъланмæ бахастæуыд 26 хæдзары (уыдонæй 15 – Дзæуджыхъæуы, 11 та – республикæйы районты).

Ныртæккæ подрядчик кæм кусы, уыцы объекттæй иу у Дзæуджыхъæуы, Доваторы проспекты 31/1-æм хæдзар. Компани «Фаворитстрой» ныртæккæ хæдзарæн ивы йæ сæр. Куыстытæ хъуамæ ахицæн уой апрелы кæронмæ. Цæстдарæг къорды минæвæрттæ куыд раиртæстой, афтæмæй куыстыты графикы къуыхцытæ нæй. Фæлæ, уыимæ, рабæрæг техникон аипдзинад: хæдзары ног сæры бындуры цы хъæдын хæйттæ æвæрд цæуы, уыдон аккаг хуызы нæ байсæрстой зынгсирвæзтæй æдасдзинады химикатæй. «Уыцы фиппаинæгты тыххæй суагъæ æрвыст æрцыд регионалон оператормæ. Уыимæ, амынд æрцыд, цæмæй хæстæгдæр рæстæг уыцы æгъдаухæлд иуварсгонд æрцæуа», – радзырдта цæрæнуатон цæстдарды управленийы хайады хицау **Илонæ Лукожева**.

**Дмитрий АСТАХОВ**

**«Роспотребнадзоры»-ы управленийæ**

## Хъахъхъæнынц фæлхасгæнджыты бартæ

**Æрвылаз мартъийы бæрæггонд цæуы Фæлхасгæнджыты дунеон бон. Алы аз дæр ын вæййы сæрмагонд сæйраг хъуыды, равзары йæ Фæлхасгæнджыты дунеон организаци, æмæ ацы хатт у ахæм: «Æдас товартæ, ныфсхаст фæлхасгæнджытæ».**

«Роспотребнадзор»-ы РЦИ-Аланийы управлени бахыгъта йæ куысты ивгъуыд азы бæрæггæнæнтæ æмæ æрдзырдта фæлхасгæнджыты бартæ хъахъхъæныны ныры дуджы ахсджиагдæр фарстатыл.



Фæлхасгæнджыты бартæ хъахъхъæныны хайады хицау **Плиты Аннæ** куыд радзырдта, афтæмæй адæмы бартæ хъахъхъæныны фæдыл ведомствæйы архайдæн ис ахсджиаг финансон фæстиуджытæ. Афтæ, 2025 аз Управлени фæлхасгæнджытæй райста 754 фыстæджы. Уыдонæй 60 проценты уыдысты базарады къабазы халæн цауты фæдыл хъæстытæ, 40 проценты та – лæггад кæныны къабазы халæн цаутæ æруадзыны тыххæй.

– Тæрхоны агъоммæйы æмæ тæрхон кæныны рæстæг цы куыст æххæст кодтам, уый фæрцы республикæйы фæлхасгæнджытæм фæстæмæ раздæхт дзæвгар финансон фæрæзтæ. Управлени кæм архайдта, ахæм хъуыддæгтæ равзарыны фæрцы фæлхасгæнджытæн фæстæмæ раздæхтой 30 милуан сомæй фылдæр. Ацы куыст ахадгæ кæй у, ууыл дзурæг сты ивгъуыд азы бæрæггæнæнтæ дæр. Фæлхасгæнджыты бартæ бахъахъхъæныны нысанимæ тæрхондæттæм барвыстам 12 домæны. Хъуыддæгтæм æркæсыны фæстæ фæлхасгæнджытæн фæстæмæ бафыстой 220 мин сомы, – загъта Плиты Аннæ.

Товарты хуызтæ фылдæр кæнын æмæ онлайн-базарад парахат кæныны рæстæг ахсджигæй-ахсджиагдæр кæны продукцийы æдасдзинады фарста. Уымæ гæсгæ æххуыс бацагурын æмæ консультаци райсыны фæдыл республикæйы цæрджытæн сæ бон бацæуын у Дзæуджыхъæуы, Тельмæны уынджы 17 «а» хæдзармæ, науæд та бадзурын «Роспотребнадзор»-ы Консультацигæнæн иумæйаг центрмæ: **8-800-555-49-43** кæнæ та фæлхасгæнджыты бартæ хъахъхъæныны хайадмæ: **8(8672) 51-91-52, 51-90-77**.

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ**

### Дзырды фарн

***Иу лæг мыггаджы ном хæссæг дæр у, æмæ мыггаджы ном сафæг дæр.***

*Æмбисонд*

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Боныхъæд | Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **28 мартъийы** уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **6 – 10 градусы хъарм.** | Боны дæргъ — 12,32 | Хурыскаст — 05,50<br>Хурныгуылд — 18,22 | Валютæйы аргъ | Доллар — 82,13<br>Евро — 95,01 |

12 +




## Æмбисæндтæ

### Æнæфсис тæрхонгæнæг



Тæрхондонмæ æрбахуыдтой иу адæймаджы, цæмæй йын тæрхонгæнæг йæ азым сбæрæг кæна. Уый хъуыддагмæ куы 'ркаст, уæд бамбæрста, уыцы адæймаг, æцæгæйдæр, аххосджын кæй у. Тæрхон рахæссыны агъоммæ нæлгоймаджы бафарста:

– Исты зæгъын дæ фæнды?

Лæг дзуапп ратта, ницы зæгъын мæ фæнды, зæгъгæ, фæлæ йæ иннæтæ куыд нæ феной, афтæмæй сусæгæй тæрхонгæнæгмæ æртæ æнгуылдзы бавдыста. Уый фенгæйæ, тæрхонгæнæг хъуыддаг баурæдта æмæ йæ архайджыты сæ хæдзæрттæм ауагъта. Аххосджын чи уыд, уый та, сæхимæ куы 'рцыд, уæд тæрхонгæнæгæн æртæ насы (кабачок) арвыста. Æрмæст уæд бамбæрста тæрхонгæнæг, сайды кæй фæци, æмæ уыцы лæджы йæхимæ æрбахонын кодта. Куы 'рбацыд, уæд фæхъæр кодта:

– Мæнгард! Ды мæ асайдтай! Хуыцау дæ бафхæрдзæн! Фесæф ардыгæй, æдзæсгом!

Нæлгоймаг феддæбыл æмæ ма тæрхонгæнæгмæ æрбахъæр кодта:

– Раст зæгъыс! Искæмæн дзыхъхъ чи фæкъахы, уый дзы йæхædæг ныххауы!

### Æртæ ахсджиаг фарсты



Иу бæстæйы паддзахы фæндыд алцы базонын. Чидæр ын радзырдта, ис, дам, æппæт фарстытæн дзуаппытæ чи зоны, ахæм хибардзæрæг (отшельник). Араст æм кодта паддзах æмæ уыны: фыдзæронд хæррæгъ лæг хуым къахы. Бæхæй æрхызт æмæ зæронд лæгæн йæ сæрæй ныллæг акуывта.

– Æз æрбацыдтæн, цæмæй райсон дзуаппытæ ме 'ртæ фарстæн: зæххы цъарыл æппæты сæйрагдæр адæймаг чи у, царды æппæты ахсджиагдæр хъуыддаг цавæр у, æппæты вазыгджындæр цавæр бон у?

Хидæгдзæрæг, дзуапп нæ ратгæйæ, дарддæр йæ къахыны куыст кодта. Паддзах йæ фарсмæ æрлæууыд æмæ йын æххуыс кæнын райдыдта.

Æваст ауыдта: фæндагыл æрбацæйцыд адæймаг, йæ цæсгомыл туг лæсæнтæ кодта. Паддзах æй баурæдта, ныфсæвæрæн ныхæстæ йын акодта, суадонæй дон æрбахаста æмæ йын йæ цæсгом æрæхсадта, йæ хъæнтæ йын бабаста, стæй йæ зæронд лæджы къæсмæ бахуыдта æмæ йæ æрхуыссын кодта.

Райсомæй кæсы, æмæ хибардзæрæг хуымы мыггæгтæ тауы.

– О, зонынджын, – балæгъстæ кодта паддзах, – мæ фарстытæн мын дзуапп нæ ратдзынæ?

– Дæхæдæг сын раттай дзуапп, – загъта зæронд лæг.

– Куыдæй? – дисæй амард паддзах.

– Ме 'нæбондзинад фенгæйæ мын фæтæригъæд кодтай æмæ мын æххуыс кæнын райдыдтай, – загъта зæронд лæг. – Цалынмæ хуым къахтай, уæдмæ дын æз уыдтæн æппæты сæйрагдæр адæймаг, мæнæн æххуыс та – дæ тæккæ ахсджиагдæр хъуыддаг. Фæзынд цæф нæлгоймаг – уый æххуыс мæнæй тынгдæр хъуыдис, æмæ дын уый сси æппæты вазыгджындæр адæймаг, уымæн æххуыс та – дæ ахсджиагдæр хъуыддаг. Афтæмæй, æппæты сæйрагдæр адæймаг, де 'ххуыс кæй хъæуы, уый, ахсджиагдæр хъуыддаг та – цы хорздзинад ын сарæзтай, уый.

– Ныр мæ бон дзуапп раттын у ме 'ртыккаг фарстæн: адæймаджы царды æппæты вазыгджындæр бон цавæр у, – загъта паддзах. – Æппæты вазыгджындæр бон у абон.

## Ахудынæн

### Йæ дзуапп – цæттæ!



Цы диссаг сты, æвæдза, ацы нæлгоймæгтæ, цы не 'рымысдзысты хæдзарæй сæхи атоныны тыххæй! Иутæ дзы цуанæттæ сты, иннæтæ – кæсагахсджытæ, чидæртæ та – æхсæнадон архайджытæ, æппынæдзух алыхуызон æмбырдты бадынц хæдзары лæмбынæг истæмæ æркæсыны азарæй. Сахълæу дæр йæ уæгъд рæстæг кæсаг ахсынмæ афардæг вæййы йæ къæбæрлымæнтимæ, хордзен хæрд æмæ нозтæй йæ хурхы уадындзтæм ныннæмы, æмæ йыл ахæм заман топп дæр ниццæв – ницы хуызы аивдзæн йæ фæнд, дуне судзгæ куы скæна, уæддæр.

Ацы сабаты дæр йæ ахуыр нæ фехæлдта, æрбамбырд та кодта йе 'рдхæрдты, æмæ афардæг сты «кæсаг ахсынмæ». Раст зæгъгæйæ, доны былмæ ныххæццæ сты, фæлæ ам бынтон æндæр «кæсæгтæ» ахстой – сæ зæрдæйы дзæбæхæн сатæджы сæ фæллад суагътой. Нозты æвгтæ уазал кæнынмæ доны сæвæрдтой, хæрд – бирæ, æмæ дын Хуыцау ахæм хорз ракæна...

Изæрæй сæ хæдзармæ бацæуыны агъоммæ Сахълæу базарыл фездæхт, кæсæгтæ алхæдта æмæ сыгъдæг цæсгомæй йе 'фсины раз балæууыд. Уымæн уæдмæ сыхаг ус йæ хъусы бацагъта, дæ лæджы, дам, дын базары ауыдтон, кæсæгты рæнхъытыл зылдис. Зæрæда куыд не смæсты уыдаид, ныртæккæ йын хъуамæ йæ хъуын ацæгъда, фæлæ Сахълæуыл дæр кæм сбадай, уым фæстæмæ æрхиздзынæ – уайтагъд йæ дзуапп ацæттæ:

– Уæдæ ма мын цы гæнæн уыдис, уыйбæрц кæсаг æрцахстон, æмæ сын, зæгъын, се 'рдæг ауæй кæнон, æндæр фесæфдзысты!

### Хорз бынат

Сæуджен стыр гæртæмттæ бафыста уæлдæр хицауадæн, фæзылд йæ хъомысджын хæстæджытыл, æмæ лæгъстæтæй йе 'взаг бынтон куы стæнæг, уæд æппынфæстаг районы хъæдгуыстгæнæн хæдзарады сæргълæууæджы къæлæтджыны сбадт. Куы дзы æрфидар, уæд «уидæгтæ» уадзынил схæцыд – кæуыл æууæндыд, уыцы хæстæджытæн йæ дæлбар бынæттæ уæй кæнын райдыдта – йæ гæртæмттæ раздахын æй нæ хъуыдис?!

Ныртæккæ куыст ссарын тынг зын у, æмæ йæ чи ссары, уый йыл стонг сысты хæст ныккæны, йæ рынчын схъæр кæнын дæр нæ фæуæнды, оххай, уыцы хъуыддаг йæ хицауады зæрдæмæ куы нæ фæцæуа, зæгъгæ.

Сæудженæн хæстæджытæ – бирæ, стыр мыггаджы минæвар у, æмæ куыст агурджытæ – йæ сæры хъуынæй фылдæр. Сæ иу, йæ хæрæфырт чи 'ййæфта, уыцы Берд дæр сфæнд кодта йæ амонд бавзарын æмæ иу райсом йæ мады 'рвады кусæн уаты къæсæрæй бахызт. Салам-келамы фæстæ Берд йæ цыды сæр ской скодта:

– Хуыцауæй курæгау дæ курын, Сæуджен, æмæ мын исты дзæбæх куысты бынат ратт.

Сæуджен æм зулмæ бакаст, иу уысм хъусæй алæууыд, стæй йын афтæ:

– Бауырнæд дæ, мæ адджын хæстæг, иунæг дзæбæх бынат дзы уыдис, æмæ йыл мæхæдæг тыххæй фæхæст дæн!

### Æфсады рæнхъытæм цæуыны агъоммæ

Советон дуджы-иу лæппуйы æфсадмæ куы 'рвыстой, уæд уый цины хос уыдис сых æмæ хъæубæстæн, фæдзæхстой-иу ын, ирон лæджы кад дæлæмæ ма 'руадз, зæгъгæ. Фæстæмæ сыздæхгæйæ-иу уыдис хъайтархуыз – риу хæрзиуджытæй йе 'дзаг, командиртæй арфæйы фыстæджытæ, кады гæххæттытæ – æнæхъæн цъæпæра.

Ныр та чызг куы райгуыры, уæд ын дыккаг бон райдайынц æмбырд кæнын, мой куы скæна, уæд ын йæ фæстæ цы исбон арвитдзысты, уыдæттæн æхца, лæппу куы сæнтыса бындурыл, уæд та йын æхца фембырд кæнынц, цæмæй, йæ рæстæг куы 'рцæуа, уæд æй æфсады рæнхъытæй балхæной.

Скъолайы хъомыладон куыстæн йæ кой дæр нал ис, уæдæ цы ахуыртæ кæнынц фæсивæд, уый дæр уынæм, ЕГЭ-йы (иумæйаг фæлварæн) нын чи феххуыс кæндзæн майы мæйы, уымæн рагагъоммæ, сентябры æхца бафидæм стыр лæгъстæтимæ, фæкæс нæм, зæгъгæ. Афтæмæй иуæй-иу хистæркъласонтæ æнæкъæзгæйæ кæсын дæр нæ фæзонынц.




Сæ иу – мæ сыхаг Ацæ. Скъола фæуыны фæстæ ахуырмæ нæ атырныдта, æмæ йæм æфсæддон кæмиссарадмæ фæсидтысты, райгуырæн бæстæйы раз, дам, дæ хæс бафид. Медицинон къамисы куы цыдис, уæд ыл цæстыты дохтыры кусæн уаты æрцыд ахæм худæджы цау. Дохтыр, куыд вæййы, афтæ къæцæлæй бацамыдта дамгъæмæ, гъома, цавæр у, уый зæгъ. Ацæ хъусæй лæууы дзæвгар рæстæг. Урсхалатджын афтæ банхъæлдта, кæд, дам, цæстæй сахъат у, æмæ йæ фæрсы:

– Нæ йæ уыныс?

– Бæргæ йæ уынын, фæлæ цы хуыйны, уый нал хъуыды кæнын, – уыдис лæппуйы дзуапп.

### Хæрнæджы

Айфыццаг нæ сых мæрддзыгой ацыдысты Мызуры бынмæ – Сæуджены усы мад амард, æмæ йæ хъуамæ афæндараст кодтаиккой. Зæронд ус уыдис Кæлимæт, кæд цардæй бафсæдæн нæй, уæддæр дзы хъæстагæй нæ цæуы Барастыры бæстæмæ. Хорз цот, цоты цот ын сæнтыст, æмæ йын хъæздыг хæрнæг сарæзтой.

Зиан куы ахастой, уæд хъиамæтгæнæг адæмы фынгтæм бахуыдтой æмæ сæ æрбадын кодтой, Кæлимæтæн, дам, рухсаг зæгъут. Мызур – хæхбæстæ, алырдыгæй дымгæ футт кæны, адæм суазал сты, æмæ сæм хатын нæ бахъуыд, багуылф кодтой цатырты бынмæ. Устытæ, куыд вæййы, афтæ, хицæнæй сбадтысты, тадзынц, сæнæй рухсаг кæнынц, уæдæ кæд схъарм уаиккам, зæгъгæ, хæрыныл дæр нæ ауæрдынц.

Зæрæда æмæ Хорческæ кæрæдзимæ дæрддзæфгомау бадт фесты, æмæ дын иу заман сæ иу иннæмæ хъæргомау дзуры:

– Зæрæда, дæ дæндæгтæ дæхиуыл сты?

Уый йын разыйы дзуапп радта, «о», зæгъгæ, дзаг фынгæй йæ хабæрттæм не 'вдæлд. Фæлæ йæ Хорческæ иу ран кæм уадзы:

– Мæнæн та нæхимæ баззадысты.

Зæрæда иу уысм йæ хæрынæй фенцад, йæхи йæм фæзылдта æмæ йæ фæрсы:

– Æмæ дæ куыд фæнды? Æфстау мын сæ агурыс, мыййаг!

## Зындгонд адæмы цардæй

### Чарли Чаплин æмæ сыгъзæрин сахат



Иухатт Чарли Чаплин метройы фæцæйцыд. Уыцы вагоны цыди дзыпкъахæг къæрных дæр. Уый иу бонджын гражданины дзыппæй зынаргъ сыгъзæрин сахат сылвæста æмæ йæ Чаплины дзыппы сæвæрдта.

Сæхимæ æрбацæугæйæ, кæйдæр сахат йæ дзыппы куы ссардта, уæд Чаплин дисæй амард, æмæ йæ, куыд æууæнкджын адæймаг, пъæлицæйы хайадмæ бахаста. Иу бон фæстæдæр райста писмо. Фыст дзы уыдис: «Зынаргъ мистер Чаплин! Дис ма кæн, фæлæ дæм фыссы дзыпкъахæг къæрных. Знон метройы иу лæджы сыгъзæрин сахат адавтон, фæлæ, дæу фенгæйæ, сфæнд кодтон мæ уарзон артистæн лæвар ракæнын æмæ дын æй дæ дзыппы сæвæрдтон». Чаплинмæ уый худæг фæкаст, фæлæ сахат пъæлицæмæ кæй ахаста, ууыл æппындæр фæсмон нæ кодта.

Пъæлицæйы сахаты хицауы æнæхъæн афæдз фæцагуырдтой, фæлæ йæ не ссардтой, не 'рцахстой къæрныхы дæр æмæ сахат фæстæмæ зындгонд артистæн раттой. Уыцы худæг хабары тыххæй Нью-Йорки æппæт газеттæ дæр ныффыстой.

Рацыд ма гыццыл рæстæг, æмæ Чаплины дисæн кæрон нал уыд, иу фыстæг ма куы райста, уæд. «Зынаргъ мистер Чаплин! Афæдзы размæ æз фæцæйцыдтæн метройы, æмæ мын мæ сахат адавтой. Газетты бакастæн, цавæрдæр дзыпкъахæг къæрных æй дæуæн кæй балæвар кодта. Мæ сахат дæумæ баззайæд, мистер Чаплин. Æз уыцы къæрныхæй гыццылдæр нæ цыт кæнын дæ диссаджы æнæкæрон курдиатæн æмæ дын мæ сахатæн лæварæн æрвитын сыгъзæрин рæхыс».

## Афтæ дæр вæййы



***Базары уæйгæнæг фæрсы æлхæнæджы:***

***– Ды Хуыцауыл æууæндыс?***

***– Æууæндын.***

***– Хуыцауы хатырæй, ацы кæрдотæй балхæн.***

***

***Гыццыл чызг фæрсы йæ мады:***

***– Мамæ, зæдтæ тæхгæ фæкæнынц?***

***– О, мæ чызг, фætæхынц.***

***–Уæдæ папæ нæ сыхаг Зæлинæйы зæд куы схуыдта, уæд кæд атæхдзæн?***

***– Иу дæс минуты фæстæ!***

***

***Æхсæвы дыууæ къæрныхы сусæгæй дзулфыцæн заводмæ давынмæ бацыдысты. Ам сыл цæхх æмæ кæрдзынимæ сæмбæлдысты. Тæвд дзул сыл сæмбæлд пецы хуылфæй, цæхх та – хъалагъуры дыууæхстон хъримагæй.***

***

***– Ахæстоны дæ цæй тыххæй сбадын кодтой?***

***– Нæ дæ бауырндзæн, ницæй тыххæй. Цы фатермæ бабырыдтæн, уым давынмæ мур дæр ницы уыдис, афтид разындис.***

***

***Хæдзары хицау фæрсы гыццыл Аланы:***

***– Чи асаста рудзынг?***

***– Мамæ. Фæлæ аххосджын папæ у. Дзуццæджы æрбадти, мамæ йыл тæбæгъ куы фехста, уæд, æмæ рудзынг ныппырх.***

***

***Зæронд ус уæйгæнæгмæ дзуры:***

***– Дæ хорзæхæй, дæ фæткъуытæй ма мын фондз килæйы абар... Уæвгæ, фæлæуу, уый бæрц ахæссын мæ бон куы нæ бауа.***

***– Ууыл ма æппындæр ма тыхс, хорз ус, айс фондз килæйы. Æз дын сæ ахæм барст скæндзынæн, æмæ дын раст дыууæ килæйы уæз дæр нæ кæндзысты.***

***

***Дохтыр рынчынмæ дзуры:***

***– Нæ дын æмбæлы карз нозт нуазын, тамако дымын, къамтæй хъазын, хæлд сылгоймæгтимæ æмбæлын...***

***Рынчын:***

***– Дохтыр, раст ма зæгъ, мæ усимæ ныхас кодтай?***

**Фарс бацæттæ кодта ГАПБАТЫ Алетæ**



## Цуаноны бонығæй

### Абон дæр ма искуы цæуы...



Иу афон дын Къодахджынмæ цуаны æрбафтыдыстæм, уæд ма цуанæттæн сæ хицау Хъуппеты Алыксандр уыд, æмæ йемæ ракодта уæды рæстæджы мидхъуыддæгты министр Алексеевы йæ фыртимæ.

Мах, егертæ, скъæрджытæй ныллæууыдыстæм. Скъæрды фæстæ, иу фондзæй, рындзтæм куы æрбахæстæг стæм, уæд бæстæ гæрах сси. Ай цы хабар у, зæгъгæ, дисы бацыдыстæм. Къуыбыргонды хæрдмæ хъæддаг хуытæ лыгъдысты, æмæ сæ нæ уазджытæ уырдæм æхстой, фæлæ дзы ницы къуырдтой. Уæд дын, мемæ чи уыд, уыдонæй иу, Солтанбег, фæгæрах кодта, æмæ хуытæй иу фæстæмæ ратылд, йæ фæстаг къæхтыл нал сфæрæзта слæууын, афтæмæй сæ йæ фæстæ ласта. Фехсон сын æй, зæгъгæ, куы сфæнд кодтон, уæд мæм бахатыдысты, ма фехс, зæгъгæ. Гъемæ сын æй ныууагътон, æмæ йæ машинæтæм удæгасæй атæрын сфæнд кодтой. Фæндаг бынтон хорз нæ уыд, æмæ сын цæф сырд нарæг æрхы ныббырыд. Амарут æй, æмæ уын афтæмæй машинæты тæккæ цурмæ ныттулдзæн, зæгъгæ, сын фæкодтон, фæлæ нæ бакоммæ кастысты. Бирæйæ уыдыстæм – иу ссæдзæй фылдæр. Мæхæдæг, Алыксандр æмæ шофыр Хаситы Хъазыбег дæр машинæмæ рацыдыстæм. Иннæтæ иууылдæр уыцы хуыйы алыварс слæууыдысты æмæ йæ машинæйы 'рдæм здахынц – уый йæ фæстæгтæ ласы æмæ æрхы быры. Уырдыгæй куы адард стæм, уæд дын кæсæм, æмæ Хъариаты Гугу, уæд участокы хицау уыд, фистæгæй ссæуы. Машинæ æрурæдтам, æмæ йæ Алыксандр фæрсы:

– Цы фæцис уæ хуы? – Гугу йе уæхсчытæ алхъывта æмæ зæгъы:

– Алыгъд. Йæ фæстæгтæ йæ фæдыл ласта æрхы, фæлæ фæндагмæ куыддæр бахæццæ, афтæ фæгæпп кодта æмæ лидзынмæ фæцис.

Цал лæгæй уыдысты – иу ссæдз, æд хæцæнгæрзтæ, æмæ йæ фехсын дæр нæ сарæхстысты. Йæ фæстæ ма гыццыл ауадысты, фæлæ куы ницы ссардтой, уæд рацыдысты.

Уыцы рæстæг Рекс хъуыстгонд уыд, æмæ Алыксандр цæф хуы дыккаг бон ссарын мæнæн, Рексæн æмæ ма цалдæр лæгæн бафæдзæхста.

Æхсæв иу гыццыл мит рауарыд, фæлæ фæд бæрæг нал уыд. Райсом раджы Къодахджыны хъæдмæ æрбаздæхтыстæм. Рексæн, цæф кæцæй алыгъд, уый бацамыдтам, æмæ куыдз йæ куыст байдыдта. Мит акъахта æмæ туджы 'ртæхтæ ссардта, цыма йæ исчи ныхасгæ акодта, афтæ тугвæдыл ацыд.

Цæуæм. Цасдæр рæстæджы фæстæ тугвæдмæ дыууæ бирæгъы фæд бафтыд – уыдон дæр хуыйы фæдыл ацыдысты. Иу ран бирæгътæй иу цæхгæрмæ азылд æмæ кæдæмдæр ацыд, иннæ дарддæр йæ цыды кой кæны. Æвæццæгæн, километр куы ацыдыстæм, уæд иннæ бирæгъы фæдыл фæхæст стæм – хинæй рацыдысты хъæддаг хуыйыл. Иу йæ фæд-фæд цыд, иннæ та дæрдтыл æрзылд æмæ йæ размæ сбадт. Сæ бон ын ницы баци – цыдæр къодахы бын хуыссыд æмæ сын ралыгъд. Йæ фæд зындис, æмæ мах дæр дарддæр цæуæм.

Бирæ фæцыдыстæм, изæрдалынгтæ кодта, æмæ иу æрхы былмæ бахæццæ стæм. Æрх иуылдæр тугæй змæст – фæхстæ сырх-сырхид. Æвæццæгæн æй ам бахордтой, зæгъгæ, ныххызтыстæм, фæлæ дзы нæдæр – стæг, нæдæр – ницы. Дзæбæх æркастыстæм æмæ дзы иу бирæгъ йæ фæстæ бацыд, дыккаг та – иувæрсты æмæ æрхы иннæ фарс сбадт, æрхы был та стыр бæлас фæлдæхт, æмæ хуы уым хуыссыд. Фæстæты цы бирæгъ цыд, уый цæфы фæтæрсын кодта, æмæ æрхмæ куы ныллыгъд, уæд ыл дыууæрдыгæй сæхи фехстой. Хуы иувæрсты уæлæмæ хъавыд лидзын, фæлæ йæ ацы дыууæ нæ уагътой, æмæ афтæмæй бынмæ тылдысты. Уыцы тугтæн сæ фылдæр бирæгъты уыд. Хуыйы цæфæй дæр, кæй зæгъын æй хъæуы, туг калд, фæлæ афтæ нæ. Афтæмæй дзы бæстæ тугæй фесæфтой. Хуы ссыди рагъмæ æмæ ацыд. Бирæгътæ ма йæ фæдыл иугыццыл ацыдысты, фæлæ йæ ныууагътой, афтæмæй та уыди дзæргъ, нæл хуы нæ уыд. Мах дæр ма иугыццыл азылдыстæм йæ фæдыл, фæлæ изæр кодта, æмæ йæ ныууагътам. Чи зоны, æмæ ма абон дæр искуы цæуы.

**БАЗРАТЫ Батрадз, Майрæмадаг**

Спортивон фидиуæг



Футбол

# Академийæгтæ – фыццаг бынаты

**Куыд алы аз, афтæ та ныр дæр Ирыстоны футболуарзджыты æнкъард кæнын нæ бауагътой Хæххон-металлургон институты (ГТУ) физикон цæттæдзинады кафедрæйы фыццаг сæргълæууæг Леонид Саблины æрвылазон номарæн турниры архайæг командæтæ.**



Хъæбатыр хæстон æмæ курдиатджын ахуыргæнæг Леонид Саблины номарæн 49-æм турниры ерысы бацыдысты 13 командæйы. Ерыстæ цыдысты Дзæуджыхъæуы футболы академи «Алани», футболы скъола «Æвзонгдзинад» æмæ Æрыдоны стадионты.

Ерысты фыццаг сбæрæг сты дæлкъордты 1-2 бынæттæ бацахсджытæ, уый фæстæ та фембæлдтытæ райдыдтой ерысты 1/2-æм хаймæ рацæуыныл.

Æрдæгкæронбæттæны (1/2 хайы) фембæлдтытæ рауадысты цымыдисаг. Уыдоны кæронбæттæнмæ рацæуыныл ерыс кодтой: «Алани-09» (Футболы академи), «Лабуда» (Алагир), «Дигора» æмæ «Алани» (Октябрыхъæу). Тынг цымыдисаг рауад «Алани-09» æмæ «Лабуда» (Алагир)-ы фембæлд. Сæ фембæлд ахицæн 3:3 хыгъдæй, æмæ фæуæлахизуæвæг командæйы сбæрæг кæнын бахъуыд 11-метрон цæфты фæрцы. Уыцы фæлварæны рæстдзæвиндæр разындысты Футболы академийы 16-17-аздзыд хъомылгæнинæгтæ æмæ рамбылдтой 4:3 хыгъдæй.

Зæрдæмæдзæугæ рауад «Дигора» æмæ Октябрыхъæуы «Алани»-йы фембæлд дæр. Ацы фембæлд ахицæн «Дигора»-йы пайдайæн 3:1 хыгъдæй. Кæронбæттæны 1-аг бынат рамбулыныл фембæлдысты РЦИ-Аланийы чемпион «Дигора» æмæ «Алани-09».

Сæ ныхмæлæуды рауадысты æмдых, фæлæ уæддæр чысыл рæстдзæвиндæр разындысты «Алани-09» хъазджытæ, æмæ сын бантыст 1:0 хыгъдæй фæуæлахиз уæвын. Сæ фæстæ ма 3-аг бынат рамбылдта Октябрыхъæуы «Алани».

Турниры сæрмагонд лæвæрттæй хорзæхджын систы: «Хуыздæр дуаргæс» – Марк Карибов («Алани-09»), «Хуыздæр хъахъхъæнæг» – Золойты Сослæнбег (Дигора»), «Хуыздæр æрдæгхъахъхъæнæг» – Мæргъиты Сослан («Алани» – Октябрыхъæу), «Хуыздæр размæбырсæг» – Дзуццаты Цæрай («Лабуда» – Алагир), «Фылдæр голтæ бакъуырæг» – Сохиты Артур («Дигора»), «Хуыздæр тæрхонгæнæг» – Бутаты Вадим.

Турниры сæйраг тæрхонгæнæг Беджызты Эдуард зæрдиаг арфæ ракодта, ерысты ацыдмæ йе 'ххуысы хай чи бахаста, уыцы мидхъуыддæгты кусджытæн, медицинон специалисттæн, тæрхонгæнджытæн, ерыстæ кæм цыдысты, уыцы стадионты хицæуттæ æмæ кусджытæн.

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

Курдиаты цæхæртæ

# Суинаг музыканттæ хорз арæхстдзинад равдыстой

**Ирон аивад æмæ культурæйы хæзнатæ сты нæ удварны рæзт æмæ фæсивæды хъомыладæн ахъазгæнæг. Абоны рæзгæ фæлтæр сæ цæмæй зоной æмæ сæ дарддæр парахат кæныныл архайой, уыцы нысанимæ Хъæбæлоты Билары номыл Сывæллæтты сфæлдыстады республикон галуаны арæзт æрцыд зындгонд фæндырдзæгъдæг, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайæг, УФ-йы сгуыхт æмæ нæ республикæйы адæмон артисткæ, композитор, ахуыргæнæг, Гæздæнты Булаты номыл Национ паддзахадон оркестры фыццаг концертмейстер Реуазты Симæйы номыл фæндырдзæгъдджытæ æмæ инструменталон ансамбльты конкурс "Зар, фæндыр".**

Йæ саразыныл зæрдиагæй бацархайдтой РЦИ-Аланийы Ахуырад æмæ наукæйы министрад, Хъæбæлоты Билары номыл Сывæллæтты сфæлдыстады галуаны разамынд, Реуазты мыггаджы совет æмæ Хетæгкаты Къостайы номыл Ирон литературæйы музей. Архайдтой дзы Дзæуджыхъæу æмæ нæ республикæйы районты уæлæмхасæн ахуырады артдзæстыты 7-æй 19 азы кæуыл цæуы, уыцы хъомылгæнинæгтæ. Се сфæлдыстадон курдиат æмæ арæхстдзинадæн сын аргъ кодтой жюрийы уæнгтæ – ирон музыкалон аивады зындгонд архайджытæ, паддзахадон филармонийы ирон адæмон инструментты оркестры аивадон разамонæг æмæ дирижер, Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны сгуыхт артист Ходы Олег, Æрыдоны Сывæллæтты музыкалон скъолайы директор, курдиатджын музыкант Дулаты Тугъан, РЦИ-Аланийы культурæйы сгуыхт кусæг, Реуазты Симæйы фыццаг ахуыргæнинаг, зындгонд фæндырдзæгъдæг Багаты-Туаты Светланæ (жюрийы сæрдар), РЦИ-Аланийы, Хуссар Ирыстоны, Абхазы республикæты адæмон артисткæ Хадыхъаты Аллæ, курдиатджын фæндырдзæгъдæг, республикон музыкалон конкурсты лауреат Уалыты Альберт.



Конкурсы райдайæны йæ архайджытæ æмæ уазджытæн зæрдиаг арфæ ракодта Хъæбæлоты Билары номыл Сывæллæтты сфæлдыстады галуаны директор Хъæцмæзты Герман. Уый фæстæ райдыдта суинаг музыканты арæхстдзинад æвдисæн хай. Архайджыты фондз номинацийы цагътой ирон адæмон æмæ профессион музыкæйы уацмыстæ.

Æхсызгонæй бафиппайæн ис, уый, æмæ, ацы сфæлдыстадон ерысы кæй архайдтой Хуссар Ирыстоны сæйраг горæт Цхинвалы Колыты Аксойы номыл Аивæдты лицейы хъомылгæнинæгтæ. Уыдонæй иу – Мамиты Марик хицæн фæндырдзæгъдджыты номинаци "Соло"-йы бацахста фыццаг бынат. Ацы къорды 14-18 кары номинацийы ма фыццаг бынатмæ рацыд РЦИ-Аланийы Рахизфарсы районы Сывæллæтты сфæлдыстады хæдзары хъомылгæнинаг Цхуырбаты Каринæ.

Номинаци "Ансамбльтæ"-йы фыццаг бынат бацахста Сывæллæтты сфæлдыстады центр "Сæуæхсид"-ы адæмон музыкалон инструментты ансамбль "Уадындз".

Фæндырдзæгъдджыты къордты 'хсæн фыццаг бынат æрхауд Дзæуджыхъæуы Сывæллæтты хъомыладон центр "Нарт"-ы ансамбль "Дидинæг"-мæ.

Номинаци "Чысыл формæйы ансамбль"-ы архайджытæй фыццаг бынатмæ рацыд Кировы районы 3-æм астæуккаг скъолайы ансамбль "Кунаки".

Фыццаг, дыккаг æмæ æртыккаг бынæттæ чи бацахста, уыцы уæлахиздзаутæн конкурсы кæрон арфæ ракодтой Туаты Светланæ, номдзыд фæндырдзæгъдæджы чызг Есиаты Дзерассæ, Реуазты мыггаджы советы уæнг Реуазты Георги æмæ ацы рæнхъыты автор. Лауреаттæн лæвæрд æрцыд Реуазты Симæйы музыкалон уацмысты нотæты æмбырдгонд, йæ вокалон æмæ инструменталон уацмыстимæ флешкæтæ.

**ГАСАНТЫ Валери**

Ахуыртæ

# Сывæллон æмæ фæндаг

**Фæндæгтыл цæугæйæ, сывæллоны æдасдзинад тынг ахсджиаг хъуыддаг у. Цæмæй фыдбылыз ма 'рцæуа, уый тыххæй сабиты ахуыр кæнын хъæуы хи дарыныл. Тагъд ма кæн, фæйнæрдæм акæс, пайда кæн, дардмæ чи 'рттивы, ахæм сæрмагонд элементтæй.**

Паддзахадон автоинспекцийы агитацион автобус дæр фæзы лæууыд, чысыл фæндаггонтимæ профилактикон куысты пъæлицæйæгтæн мобилон хорз æххуысгæнæг у. Сывæллæттæ




Куыд сахуыр кæнæн ис сывæллоны фæндæгтыл æдасæй цæуыны фæткыл? Æнæмæнг, æрвылбон семæ ныхасгæнгæйæ, хъазты хуызы æмæ видеоæрмæджытæй пайдагæнгæйæ.

Цы бирæ гæнæнтæ ис, уыдонæй æрæджы Беслæны центры сывæллæттæн сарæзтам ирд æмæ хъæлдзæг флешмоб. Цæгат Ирыстоны паддзахадон автоинспекцийы управленийы Рахизфарсы районы мидхъуыддæгты хайады кусджытæн æхсызгон фембæлд уыд Беслæны 1-æм скъолайы 3 «а» къласы ахуырдзаутимæ. «Дæхи ирдæй равдис кафты æмæ фæндагыл!» – афтæ схуыдтам нæ бæрæгбон. Алывæрсыг æххуыс нын бакодтой скъолайы директор Еленæ Касумова æмæ къласы разамонæг Татьяна Халоянц.

Инспектортæ скъоладзаутимæ ныхас кодтой алы фарстатыл. Зæгъæм, куыд ахсджиаг у дзаумайыл уыцы æрттиваг элементтæй пайда кæнын. Уæлдайдæр – изæрыгæтты, цæмæй шофыртæм дардмæ дæр зына бæлццон. Цæмæй хуыздæр бамбарой æмæ сæ мауал ферох уа, уый тыххæй чызджытæ æмæ лæппутæ сæхиуыл скодтой ахæм жилеттæ, æмæ кафтмæ рахызтысты. Сæ арæхстдзинадæй цæрджыты æргом раздæхтой сæхимæ æмæ фæндæгтыл æдасæй цæуыны фарстамæ.

æрвыстой хъæлдзæг æмæ пайдайаг рæстæг. Цы зонындзинæдтæ райстой, уыдон сæ, æнæмæнг, бахъæудзысты царды.

Кæронбæттæны ахуырдзаутæн раттой зæрдылдарæн лæвæрттæ, газет «Добрая дорога детства»-йы номыр, талынг ран чи æрттивдзæн, ахæм брелоктæ æмæ æндæртæ. Уæлдай æхсызгондзинад сын æрхаста сæхицæй стырдæр куклаты фæзынд. Хъæлдзæг æрсытæ Тедди семæ хъазыдысты, кафыдысты, къамтæ истой.

**РЦИ-Аланийы Паддзахадон автоинспекцийы управлени**

# Дзырдбыд



**ФÆРСЫРДÆМ:** 1. Хъæууонхæдзарадон культур. 4. Фæлитой. 9. Хæстæг Скæсæны бæстæты хицауы æххуысгæнæг. 11. Æхxуыс. 12. Мамсыраты Дæбейы роман "Уæззау операци"-йы архайæг. 14. Электрон тыхы иуæг. 16. Горæт Англисы. 18. Наулæуyæн Кенийы. 19. Советон спортсмен, Олимпиаг хъæзтыты æртæ хатты чемпион. 21. Бæлццæтты журнал. 23. Фæрсаг æхгæнæн хъуымац. 24. "... æмæ фыркъа". (Коцойты Арсены аргъау). 27. Хъуымац, четæн. 30. Куыси, кæфой. 31. Плиты Грисы драмæ "Æууæнк"-ы архайæг. 33. Тугдзых сырд. 35. Лакъон. 36. Туаты Дауыты драмæ "Сидзæргæс"-ы архайæг. 37. Наумæ хизæн. 38. Немыцаг поэт æмæ философ. 39. XIX æнусы уырыссаг поэт.

**БЫНЫРДÆМ:** 1. Хæмпæлгæрдæг. 2. Дунайы рахиз къабаз. 3. Доны хъазахъы атаман, А. Суворовимæ архайæг. 5. Зынаргъ згъæр. 6. Къостайы æмдзæвгæ. 7. Рагон хæцæнгарз. 8. Спортсмен. 10. Горæт Корейы. 13. Паддзахад Азийы. 15. Хъæу Цæгат Ирыстоны. 17. Бесаты Тазейы радзырд. 20. Тугдзых кæсаг. 22. Нымæц. 24. Мæрзæн дзаума. 25. Рæстæджы бæрц. 26. Уæлдæфон тыхтæ. 27. Уруймæгты Езетханы романы архайæг. 28. Нартхоры ссадæй конд хæринаг. 29. Зындгонд советон поэт. 32. Вердийы оперæ. 34. Сывæллон.

## Дзуаппытæ 21 мартъийы мыхуыргонд дзырдбыдæн

**ФÆРСЫРДÆМ:** 7. Хъадаман. 8. Мæкъулæг. 10. Агуыридур. 11. Ахсæн. 13. Ихуат. 15. Нарæг. 18. Лыггаг. 20. Ауазæн. 21. Араббаг. 22. Хион. 23. Урал. 25. "Ирыстон". 27. Мыдгæс. 28. Ичъына. 29. Сигæц. 32. Хуыфи. 34. Аргос. 35. Сисамайæг. 36. Сæндуцæг. 37. Нахæтбос.

**БЫНЫРДÆМ:** 1. Къæсхуыр. 2. Саман. 3. Хайуан. 4. Дæндаг. 5. Къори. 6. Сæрвасæн. 9. Трир. 12. Æргъиугæф. 14. Хъалагъур. 16. Анауыли. 17. Æмбатъæ. 19. Ганис. 20. Агуни. 24. Тынуафæн. 26. Æнцойбон. 29. Саскæл. 30. Гимн. 31. Цайдан. 33. ... искуы... . 34. Агкæл.


## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**Кладка каминов, мангалов, отопительно-жаровочных комплексов, осетинских печей под газ и под дрова. Гарантия работы – 30 лет. Работают профессионалы. Тел.: 8-988-830-81-12 (Ирбек); 8-928-484-24-58 (Хамиц).**







**Цыппæрæм хатт мыхуыры рацыд Цгъойты Хазбийы чиныг «Ирон царды æгъдæуттæ». Адæм та йыл æхсызгонæй сæмбæлдысты. Балхæнæн æй ис Мыхуыры хæдзары дыккæгæм уæладзыджы, йæ аргъ – 500 сомы. Бадзурæн ис Тая Доронинамæ ахæм телефонтæй: 8-928-483-46-51; 25-92-72.**

**Выполняем ремонтные работы: шпаклевка, обои, карнизы, откосы, покраска, ламинат. Тел.: 8-989-039-78-89 (Казбек).**



Номыры радхæссæг редактор — **Гугкаты Жаннæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн – **Рубайты Нелли;**
2-аг фарсæн – **Гуыцмæзты Зæринæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
2-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
3-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
4-аг фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьянæ Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-94-09.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2787. Заказ № 315. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**